2-TOM, 2-SON

# <АҒАБИЙ> РОМАНЫНЫНДА АТ ОБРАЗЫ ОРНЫ

Навоий Давлат педагогика институти Ўзбек тили ва адабиёти факултетининг Қорақалпоқ тили ва адабиёти йўналишининг катта ўқитувчиси

**Марат Шамуратов**

**Калит сўзлар**: Ат образы, Торықасқа, Толесин, Қожамияр, ахалтеке, Ш.Айтматов,Тоғай Мурод,жорға,Сарыжурмел, Қарабуўдан, Темиркок, Жийрен.

1. **Аннотация:** Романда ат образын сүўретлеўге айрықша әҳмийет берилген. Романда ҳәр қыйлы атлардың портретлерин жаратыў шеберлиги басқа да түркий жазыўшылардың шығармаларындағы атлардың портретлери менен салыстырылып үйренилди. Романдағы ат образы қарақалпақ дәстанларындағы ат образын жаратыў дәстүрининң даўамы десек болады.

**Ключевые слова:** образ лошади, Торыкаска, Толесин, Кожамияр, ахалтекинец, Ч.Айтматов, Тагай Мурад, порода, Сарыжурмель, Карабудан, Темиркок, Жирен.

**Аннотация:** В романе К. Каримова особое внимание уделено описанию образа лошади. Изучение описания лошади в произведении «Агабий» , писателем мастерски сопоставляется с описанием образа лошадей таких тюркоязычных писателей, как Ч.Айтматов, Тагай Мурад. Созданный писателем образ лошади, повторяет представленные в каракалпакских дастанах «Алпамыс», «Едиге», «Коблан» описания и свидетельствует о соблюдении автором традиций в представлении этих образов.

К.Каримов «Ағабий» романында бир қатар тарийхый қаҳарманлардың образын ашып бериў ушын қосымша образлардан шеберлик пенен пайдаланады. Олар ҳайўанатлар образлары. Бул образларсыз тийкарғы қаҳарман образлары да, роман сюжети де пүтин бола алмас еди. Өйткени, «Шығарманың қаҳарманлары тек адамлар ғана болып қалмайды, ҳайўанлар да, фантастикалық образлар да ҳәм ҳәттеки предметлер де шығарма қаҳарманы бола алады. Олардың ҳәммеси қәлеген жағдайда автордың санасындағы ҳақыйқатлықты алып жүриўши көркем образлар бола алады.»[1] Соның ушында диссертацияның бул бөлиминде романда көп ушырасатуғын, ҳәттеки персонажларға салыстырғанда да көбирек

«Ағабий» романында ат образы барлық ўақыяларда орайлық орынды ийелейди. Бул дурыс та. Себеби, романдағы ўақыя-ҳәдийселер болып өтетуғын сол Х1Х әсирде

[1] Мурзак И.И. в книге Введение в литературоведение, Москва, «Юрайт», 2016, 285-бет

атсыз турмысты көз алдыңа келтириў қыйын. Романның биринши китабында ат баслы көлик хызметин атқаратуғын көш ўақыялары тийкарғы орынды ийелесе, екинши китабында да персонажлардың бир орыннан екинши орынға барып-келиўлери атсыз мүмкин емес еди. Екиншиден, Бухара қарақалпақларының ата журты Шымбай әтирапларына көшип қонысланыўының тийкарғы себепшиси де ат. Маңғытлар менен қыпшақлардың арасында келип шыққан даўдың да, маңғытлардың бийи Қожамияр бийдиң баласы Төлесинниң өлтирилиўиниң де тийкарғы себепшиси де Торықасқа деп есаплайды. Жазыўшының да, бас қаҳарман Қулшы бийдиң де пикири усындай.

Сондай-ақ ат образы қарақалпақ фольклорында, басқа да түркий халықлардың әдебиятларында бас қаҳарманлар менен қатар сүўретленетуғын дәстүрин есапқа алатуғын болсақ, К.Каримовтың романында ат образын өз алдына үйрениў әҳмийетли.

Төлесинниң Жийрен атына сыпатламаны Тағаберген сейис береди. «Жийрен ат сыйыр минез екен, бул ат ҳеш қашан бәйгиде бириншиликти ала алмайды, Төлесин бийкар ҳәлек болып жүр екен», деп ойлады сейис. «Өзи де мына суў ишиўине қарағанда көрең болса керек, турқы да жүдә ири, ылақ ойын менен арбаның аты.» (81-бет)

Автор Торықасқа образын жасаўға айрықша итибар қаратады. Торықасқаның тәрипин Қулшы бий арқалы береди. Көш пенен бирге баратырған Қулшы бийдиң де өткен өмири ҳаққында еске түсириўлери усы Торықасқаны еслеўден басланады: «Жәниўар Торықасқа… Маңлайындағы қасқасы көкке жулдыз қандай жарасымлы болса, қараторы реңине сондай жарасып түсетуғын еди. Қос қулағы қайшыланғанда жулдызды гөзлеп, сейисти көрип, қолынан жем тилеп оқыранғанда, кең танаўы қустың қос қанатындай желпилдер, ахалтеке бедеўлеринен мийрас етип алған жиңишке ҳәм узын мойнына онша үлкен болмаған басы қолдан қуйғандай жарасымлы. Омыраўы кең, узын ҳәм нық аяқларына аўыр дойнақлары қуйып қойғандай. Бели узын, саўрысы кең, артқы санларының арасы алшақ питкен, қуйрығы ябының қуйрығындай бир қушақ емес, тирсегинен аспайды. Омыраўына сийнемент салып, ердиң тумсығының қасындағы қола шыңғаға бекитилмесе, шабыстың пәтине шыдамай, ер артқа сыпырылып кетер еди. Шоқлығы бәлент болғанлықтан қуйысқан дәркар емес, оның үстине Торықасқа жәниўар айырым атлар усап басын төменге нуқурып, «жер ийискеймен» демей, басы, мойны, жаўырнын тәрези қылып, ғаз мойыны гударыдай созылып, жулдыздай ағар еди…»[2]

---

[2] *Каримов К. «Ағабий», Нөкис, «Билим», 2013, 18-19-бетлер*

Жазыўшы Торықасқаның статикалық-соматикалық портретин жаратыўда өзин ат сийнесиниң билимданы екенин көрсетеди. Реңине жарасқан маңлайындағы қасқасы, қайшыланған қос қулағы, қустың қос қанатындай желпилдейтуғын кең танаўы, ахалтеке бедеўлеринен мийрас етип алған жиңишке ҳәм узын мойны, онша үлкен болмаған басы (Торықасқаның атасы ахалтеке тегине тийисли деп көрсетиледи), кең омыраўы, узын ҳәм нық аяқлары, аўыр дойнақлары, узын бели, кең саўрысы, артқы санларының арасы алшақ екенлиги, тирсегинен аспайтуғын қуйрығы – булар аттың бирден көзге тасланып туратуғын дене дүзилиси.

Ат образын жаратыў, сондай-ақ оның сулыў портретин сызып бериў түркий халықлар әдебиятында дәстүрий усыллар есапланады. Буны белгили қырғыз жазыўшысы Шыңғыс Айтматовтың «Разы бол Гулсары», өзбек жазыўшысы Тоғай Муродтың «От кишнаган оқшом», қарақалпақ жазыўшысы Гулайша Есемуратованың «Жийрен» повестлеринде де көриўге болады. Бул шығармалардың бәринде де ат тийкарғы орынды ийелейди. Жуйрик, жорға, мықлы, ақыллы атлар ийесине опалы дос, бәйгилерде аброй алып беретуғын қаназат сыпатында сүйретленеди.

Ш.Айтматов та өз шығармасында сулыў ат Гулсарының статикалық-соматикалық портретин айрықша ҳәўес пенен сүўретлейди. Оның тай ўақтынан баслап басқа атларға усамайтуғын, ийесинен басқаның қолынан жем де жемейтуғын өзимшил, еркин минезин, қәлеген адамның көзин тартатуғын сары жорға болып жетилискенин Танабайдың тилинен ықлас пенен сәўлелендиреди. Демек, бул жерде де жазыўшы ат образын жаратыўға айрықша итибар бергенин көриўге болады. Бул шығармада жасалған Сары жорғаның портрети, аттың бийнелериниң сүўретлениўи, ҳәттеки, минези де Торықасқаға типологиялық уқсас. Буннан түркий халықларда атқа нәзер таслаў, олардың сулыў денесине баҳа бериў бир-бирине жақын екенин көриўге болады.

Ал Тоғай Мурод өз шығармасында Тарлан аттың динамикалық портретин жаратса, Алмакөз байталдың статикалық портретин жаратады. Еки жағдайда да жазыўшы буны жүдә бир ықлас пенен әмелге асырады.

«Тарланда және бир фазийлет бар. Егерде бир ат изинен жетип алса, Тарлан сол ат пенен барабар шаўып келе береди. Озып та кетпейди, кейин де қалып кетпейди. Сондай бир қәлипте шаўады, қабатласып киятырған ат та усы қәлипке көнлигеди. Барабар шаўып баратырғанына қанаатланады. Сонда Тарлан бирден пәт алады, пәт алады! Бундай болыўын қыялына да келтирмеген қатарласып киятырған ат кейинде қалып кетеди.»[3]

---

[3] *Тоғай Мурод, От кишнаган оқшом, Ташкент, «Шарқ», 1994, 158-бет*

Жазыўшының ат пенен байланыслы ылақ, жолға ат жибериў сыяқлы аттың да, шабандоздың да бар таланты көринетуғын бәйги жарысларынан жақыннан хабардар екенин көриўимиз мүмкин. Бул еки жарыста да шабандоздан да көбирек аттың таланты (ҳийлеси) шешиўши әҳмийетке ийе болады.

«Солай етип, ат образы түркий халықлардың фольклорлық-мифологиялық дәстүрлеринде бир-бирине типологиялық жақын келеди, сондай-ақ ол алтайлылар, тувалылар, хакаслардың да миллий модели ҳәм дүнья қарасы картинасын аңлатыўда ең тийкарғы дәстүрлердиң бири болып қалмақта. Ат образын жаратыўда миллий әдебиятта типологиялық уқсаслықлар да, өзиншеликлер де бар. Ат образы көшпели мәденияттың ийелери болған түркий халықларды бирлестире отырып, Саяно-Алтай халықлары миллий әдебиятының этнопоэтикалық бирлигин де аңлатады.»[4]

«Ағабий» романында Торықасқа образын жаратыўға соншелли көп орын ажыратылыўының себебин Қулшы бийдиң өтмишти еслеўлеринен билип алыўға болады: «Әҳ, бул дүньяның ғаўғасы көп екен-дә! Бир бийеден туўылған қулыннан ержетип ат болған, бир Торықасқа қаназат аттың себебинен басланған жәнжелдиң аяғы қан төгиспеге апарып, бир арыс елди ханға жаманатлы қылады, деп ким ойлаған…» (18-бет) Демек, романда Торықасқа образы минетуғын көлик ямаса бәйгиден аброй алып беретуғын қаназат сыпатында ғана жаратылмайды, ал оның оннан да гөре әҳмийетлирек екенлиги көринип қалады. Торықасқа Қулшы бий, Тағаберген сейис, Төлесин, Ережеп образларының ажыралмас бир бөлеги, олардың образларын толықтырып турыўшы объектив образ. Қулшы бий усы ат деп Қожамияр бийге ҳәм ол арқалы әмирге жаман атлы болады, усы ат деп Тағаберген сейис пенен Төлесин өлип кетеди, Кишкене Ережептиң «Өлсем де Торықасқаны Төлесинге бермеймен» деген сөзинен оның характериндеги қайсарлық белгилериниң қәлиплесип киятырғанын көриўге болады. Ақыры аяғында тек ғана бул персонажлардың емес, пүткил қыпшақ қәўиминиң тәғдири усы атқа байланыслы болып қалады.

Ең бир атап өтетуғын жағдай, романда Торықасқаның жүйрик ат сыпатында шабысы, мәселен, Тоғай Муродтың повестиндеги Тарландай, топ айырып бәйгиден озып келгендеги ҳалаты сүўретленбейди, ал жоқарыда көрип өткенимиздей сыртқы пишими – портрети, оны жарысқа таярлаў процесси, сейистиң мийнети жетерлише сүўретленеди. Торықасқаның бир неше жарысларда бас бәйгини алғаны, ең соңғы

---

[4] *Челтыгмашева Л.В. Художественный образ коня в литературе народов саяно-алтая, журн. Филологические науки. Вопросы теории и практики, 2014, №1, стр. 206*

Ералы байдың тойында бас байрақ – он түйени жеңип алғаны Қулшы бийдиң еслеўлери арқалы бериледи.

Романда Торықасқадан басқа атлар да сүўретленген. Мәселен, Қулшы бийдиң аты Сарыжүрмел, Ережеп бийдиң аты Қарабуўдан ат, Бектемирдиң аты Темиркөк, Төлесинге тийисли ат Жийрен ҳәм басқалар. Бирақ жазыўшы булардың ҳәммесине де тәрип берип, портретин жасап отырмайды. Ҳәр бирине ийесиниң ямаса басқа биреўдиң көзи менен қарап образын жасайды. Олардың жорға-жүрмел, шапқыр ямаса күшли ат екенине итибар қаратады.

Бул Қулшы бийдиң Сарыжүрмели. Оның бели мықлы, жүрмел екенин тәриплейди. Шынында да алыс сапарға шыққанда аттың мықлысы ғана сайлап алынады. Екиншиден, жүрмел ат ийесиниң алыс сапарда шаршамаўын тәмийнлейди. Демек, Сарыжүрмел образының жасалыўы ол атқаратуғын хызметке сай келеди.

Биз жоқарыда ҳәр қыйлы ракурста сүўретленген атлар образын көрип өттик. Буннан ат образы, әсиресе, тарийхый романларда дәўир колоритин бериўде, тарийхый ҳақыйқатлықты жаратыўда айрықша әҳмийетке ийе екени көринип қалады. Сондай-ақ ат образы персонажлардың образларын қәлиплестириўде де шешиўши хызмет атқарады.